



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISPONIBILITE 350 MILYON DOLA POU
MODÈNIZASYON SISTÈM DLO ATRAVÈ ETA A EPI MANDE DEPATMAN SANTE
POU KÒMANSE ADOPTE NIVO MAKSIMOM KONTAMINAN POU PFOA, PFOS AK
1,4-DYOKSÀN**

***Yo Akòde 27 Milyon Dola Sibvansyon pou Adrese 1,4-dyoksàn nan Nèf Kominote
Long Island***

***370,000 Dola An Plis Pou Ede Finanse Planifikasyon ak Devlopman Nouvo Pwojè
Enfrastrikti Lokal yo ki pral Konbat Nouvo Kontaminan yo nan 14 Sistèm Dlo
Piblik***

***Nivo Rekòmande pa Konsèy sou Kalite Dlo Potab New York la se li ki pi Pwotektif
nan Nasyon an pou PFOA ak PFOS, ak Premye Nivo yo janm genyen pou
1,4-dyoksàn***

***DOH, DEC, ak EFC Pral Travay Ansanm Pou ede Minisipalite yo Konfòme a Nòm
yo epi Finanse Modènizasyon Sistèm Dlo yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a 350 milyon dola disponib kounye a atravè Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA) ak Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Dlo Entèminisipal (Intermunicipal Water Infrastructure Grant Program) pou minisipalite ki gen pwojè enfrastrikti ki pwoteje sante piblik oswa amelyore kalite dlo. Gouvènè a te anonse tou ke Komisyonè Sante New York la, Doktè Howard Zucker, te aksepte rekòmandasyon Konsèy Kalite Dlo Potab New York la pou nivo maksimòm kontaminan nan dlo potab pou PFOA, PFOS ak 1,4-dyoksàn, e li mande Depatman an pou kòmanse pwosesis regilasyon an pou adopte prensip sa yo ki aplike yo. Nivo 10 pati pou chak trilyon pou Asid Pèfliyowooktanoyik yo (Perfluorooctanoic acid, PFOA) ak 10 pati pou chak trilyon pou Asid Pèfliyowooktanesilfonik yo (Perfluorooctanesulfonic acid, PFOS) se nivo ki pi pwotektif nan nasyon an. Estanda 1 pati pou chak milya pou 1,4-dyoksàn se premye nivo ke nasyon an janm etabli pou kontaminan sa a. Yon fwa yo adopte l, Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) an ap kowòdone depre ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) an pou ede finanse ak remède sistèm dlo ki tèsse pi wo pase nouvo nivo maksimòm kontaminan yo.

"N ap pwopoze nivo ki pi pwotektif nan nasyon an pou twa (3) nouvo kontaminan pou asire ke n ap fè tès regilyèman ak repara sistèm dlo yo anvan yo janm monte nan yon nivo ki se yon risk pou sante piblik nan nenpòt ki pati nan eta a", **Gouvènè Cuomo te**

deklare. "Eta New York la ap kontinye dirije nan absans aksyon federal nan asire ke tout rezidan yo gen aksè a dlo potab pwòp ak nan envesti nan pwojè ki enpòtan pou ede minisipalite yo trete nouvo kontaminan sa yo."

Nivo ke eta arekòmande pou PFOA ak PFOS yo siyifikativman pi ba pase nivo konsèy aktyèl federal Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) yo ki se 70 pati pou chak trilyon. Nenpòt enkyetid potansyèl efè sou sante pou kontaminan sa yo sitou rive apre yon ekspozisyon a 70 ppt pandan tout yon vi, pa ekspozisyon pandan yon peryòd kout. Pandan ke EPA a pa gen konsèy sou 1,4-dyoksàn, nan aksepte rekòmandasyon Konsèy Kalite Dlo Potab la (Drinking Water Quality Council), DOH itilize pi bon syans ki disponib la pou detèmine yon nivo pwoteksyon similè ki se 1 pati pou chak milya. Etabli yon tèt nivo pwoteksyon maksimòm kontaminan (maximum contaminant levels, MCLs) ak ki egzije chak sistèm dlo piblik pou teste regilyèman ak kontwole, kèlkeswa gwose yo, pral asire ke nivo kontaminan an pa janm monte nan pwen ki ap lakòz yon risk pou sante piblik.

Sibvansyon pou pwojè ki elijib yo pou pwojè amelyorasyon kalite dlo 350 milyon dola a gen ladan l sa yo ki konbat nouvo kontaminan yo, tankou PFOA, PFOS, ak 1,4-dyoksàn, ak modènizasyon sistèm ak teknoloji inovatè, ak sa yo ki adrese enpak debòdman egou konbine oswa sanitè ki se rezilta inondasyon. Gouvènè a te anonse tou 27 milyon dola sibvansyon pou sipòte nèf (9) pwojè Long Island ki pral retire nouvo kontaminan emèjan yo nan dlo potab. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) 2017 Eta New York la ak Bidjè Fiskal Ane 2020 an mete 3 milya dola disponib pou adrese bezwen enpòtan enfrastrikti dlo yo.

"Li enpòtan anpil pou nou asire ke dlo potab nou an pa gen kontaminan epi li salib pou tout moun New York yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwosesis sa a pral takle pwoblèm grav kontaminan yo poze a, pral reponn a bezwen sante yo pou amelyore ak pwoteje kalite dlo yo. Nou vle asire ke kominote yo gen resous yo bezwen pou yo fè modènizasyon nan sistèm tretman dlo yo epi garanti sante ak sekirite tout rezidan yo."

Pwosesis Regilasyon, Kòmantè Piblik ak Adopsyon MCL

Pou amande Règleman sou dlo eta a, yo te soumèt [isit la](#) yon Avi sou Reglemantasyon yo Pwopoze yo (Notice of Proposed Rulemaking) nan Rejis Eta New York la epi yo prevwa pibliye li nan Mèkredi 24 Jiyè lè sa a piblik la ap gen 60 jou pou li fè kòmantè. Ou kapab voye Kòmantè Piblik yo nan regsqna@health.ny.gov. Aprè evalyasyon kòmantè piblik yo, yo pral swa revize oswa soumèt règleman yo pwopoze a bay Konsèy sou Sante Piblik ak Planifikasyon Sanitè a (Public Health and Health Planning Council) pou li adopte l, sapral sijè a apwobasyon Komisè Sante a. Règleman an pral antre an vigè lè yo pibliye yon Avi Adopsyon nan Rejis Eta New York la. Yon fwa yo adopte li, sistèm dlo piblik la nan tout dimansyon ap bezwen teste dlo yo nan delè yo mete pou sa jan sa endike nan règleman yo, epi konfòme avèk MCL yo adopte yo. Pifò nan ekipman pou dlo yo ap gen bezwen soumèt premye pati nan rezilta tès yo nan lespas twa (3) mwa aprè règ la adopte.

Yo Aksepte MCL ki Plis Pwotektif nan Peyi a pou PFOA/PFOS

Doktè Zucker te aksepte rekòmandasyon Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pou yo adopte MCL yo ki se 10 pati pou chak trilyon (ppt) pou PFOA ak 10 ppt pou PFOS.

Nivo sa yo se nivo ki pi ba a nan peyi a epi konsidere "chay kò" popilasyon nasyonal granmoun yo, oswa reyalite ke tout granmoun yo deja gen kèk nivo ekspozisyon a sa yo ak lòt pwodwi chimik ki gen rapò ak yo. PFOA se yon pwodwi chimik yo itilize pou fè pwodwi ki pa kole, ki gen rezistans ak dlo, epi PFOS se yon pwodwi chimik yo itilize nan mous pou konbat dife. Eta a envesti plizyè milyon nan pwogram Superfund Eta a pou enstale sistèm tretman kabòn ki aktive ak grenn (Granular Activated Carbon, GACs) ki retire ak siksè PFOA ak PFOS nan rezèv dlo ki afekte nan plizyè kominote. Finalman, menm jan ak nenpòt ki asenisman nan anviwònman an, Eta a ap kenbe dirijan yo pou responsab pou nenpòt depans ki fèt nan nivo eta a ak lokal yo.

Yo Aksepte Premye MCL nan peyi a pou 1,4-dyoksàn

Pou 1,4-dyoksàn, Komisè a te aksepte rekòmandasyon Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pou li adopte yon MCL 1.0 pati pou chak milya (ppb) ki se premye nan peyi a. 1,4-dyoksàn se yon pwodwi chimik yo itilize antanke yon estabilizatè nan sòlvan, pwodwi pou retire penti, grès ak lasi. Eta a apwouve yon nouvo teknoloji tretman efikas pou 1,4-dyoksàn yo rele Pwosesis Oksidatif Avanse (Advanced Oxidative Process, AOP), ke Otorite Dlo Konte Suffolk la deja ap itilize nan Long Island.

Finansman pou Pwojè Enfrastrikti Kalite Dlo yo

Pou ranfòse aksyon pou pwoteje materyèl dlo pou kominote yo epi sipòte amelyorasyon enfrastrikti nan tout eta a, Gouvènè a te anonse gen 350 milyon dola ki disponib. Minisipalite yo kalifye pou yo aplike pou finansman pou:

- **Pwojè Enfrastrikti pou Dlo Ize pou Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo yo:** depans sou dimansyon pwojè a aplikan yo kapab resevwa finansman pou jiska 25 pousan nan depans nèt pwojè ki kalifye yo, oswa yon maksimòm 25 milyon dola, selon montan ki pi piti a.
- **Pwojè Enfrastrikti Dlo Potab pou Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo yo:** aplikan yo kapab resevwa finansman jiska 60 pousan nan depans nèt pwojè ki kalifye yo, oswa 3 milyon dola, selon montan ki pi piti a.
- **Pwojè Dlo Pwòp ak Dlo Potab Sibvansyon Enfrastrikti Dlo Entèminisipal yo:** aplikan yo kapab resevwa finansman jiska 40 pousan nan depans nèt pwojè ki kalifye yo, oswa 10 milyon dola, selon montan ki pi piti a.

Aplikan yo kapab ale nan lyen ki anba la pou yo aplike pou finansman sibvansyon Lwa Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo jodia: <https://www.efc.ny.gov/WIIAApply>.

Finansman pou Nouvo Kontaminan yo

Environmental Facilities Corporation Eta a, an kolaborasyon avèk Depatman Sante a, te bay 27 milyon dola pou ede kominote Long Island yo modènize sistèm tretman dlo potabyo epi adrese nouvo kontaminan PFOA, PFOS ak 1,4-dyoksàn yo. Sibvansyon yo pral finanse jiska 60 pousan nan depans yo pou chak pwojè, jiska yon sibvansyon maksimòm 3 milyon dola. Anplis, yo prevwa pwojè yo pral sipòte travay lokal nan sektè konstriksyon, apwovizyonman ak sektè sèvis la.

Chak kominote ki swiv yo te resevwa 3 milyon dola pou modènize sistèm tretman yo:

- Distrik Dlo Franklin Square (Konte Nassau): Konpoze Ôganik Volatil (Volatile Organic Compound, VOC) ak tretman 1, 4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Greenlawn (Konte Nassau): tretman 1,4-dyoksàn;
- Vil Hempstead (Konte Nassau): Distrik Dlo East Meadow tretman 1,4-dyoksàn;
- Vil Huntington (Konte Suffolk): tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Manhasset-Lakeville (Konte Nassau): tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Oyster Bay (Konte Suffolk): tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Port Washington (Konte Nassau): tretman 1,4-dyoksàn ak tretman PFOA;
- Distrik Dlo South Farmingdale (Konte Nassau): tretman 1,4-dyoksàn; ak
- Distrik Dlo West Hempstead (Konte Nassau): tretman 1,4-dyoksàn.

Anplis 27 milyon dola nan sibvansyon yo, yo bay 370,000 dola pou ede finanse planifikasyon ak devlopman nouvo pwòje enfrastruktir lokal yo ki pral konbat nouvo kontaminan yo. Yo te bay 14 sistèm dlo piblik sibvansyon planifikasyon jiska 50,000 dola chak:

- Vil Berlin (Konte Rensselaer): 20,625 dola pou planifikasyon investigasyon dlo sous ki pa PFOA;
- Vil Petersburg (Konte Rensselaer): 20,625 dola pou planifikasyon modènizasyon sistèm dlo;
- Vilaj Endicott (Konte Broome): 30,000 dola pou yon etid sistèm dlo nouvo kontaminan yo;
- Vil Pleasant Valley (Konte Dutchess): 30,000 dola pou planifikasyon kreyasyon distrik dlo ti vilaj;
- Distrik Dlo Bethpage (Konte Nassau): 19,600 dola pou planifikasyon pou retire 1,4-dyoksàn, Nitrat ak VOC;
- Vilaj Farmingdale (Konte Nassau): 19,920 pou planifikasyon pou retire VOC ak nouvo kontaminan yo;
- Distrik Dlo Garden City Park (Konte Nassau): 19,600 dola pou planifikasyon tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Hicksville (Konte Nassau): 30,000 dola pou yon rapò planifikasyon nouvo kontaminan yo;
- Distrik Dlo Jericho (Konte Nassau): 50,000 dola pou planifikasyon tretman 1,4-dyoksàn;
- Vilaj Mineola (Konte Nassau): 30,000 dola pou planifikasyon pou retire 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Plainview (Konte Nassau): 19,600 dola pou planifikasyon tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Roslyn (Konte Nassau): 30,000 dola pou planifikasyon tretman 1,4-dyoksàn;
- Distrik Dlo Westbury (Konte Nassau): 30,000 dola pou planifikasyon tretman 1,4-dyoksàn; ak
- Konte Westchester: 30,000 dola pou planifikasyon ekstansyon dlo New King Street.

Jiskaprezan, gen 775 milyon dola nan kad Lwa sou Amelyorasyon Enfrastruktir Dlo a ak Pwogram finansman Sibvansyon Enfrastitir Dlo Entèminisipal ke Environmental Facilities Corporation la (EFC) ap administre ap sipòte prèske 2.7 milya dola nan

depans pwojè total pou pwojè enfrastrikti dlo potab ak dlo ize enpòtan k ap fèt toupatou atravè eta a yo.

Komisè Depatman Sante a (DOH), Doktè Howard Zucker te di: "Mank kontinyèl nan lidèchip federal sou nouvo kontaminan yo te fè li evidan ke New York dwe trase pwòp chemen li pou kontinye pwoteje kalite dlo a nan tout eta a. Avèk eta a k ap avanse kounye a nan mete nivo kontaminan maksimòm ki ka ranfòse, Gouvènè Cuomo ap asire kominote sa yo gen sipò finansye ak asistans pou adrese efikasman kontaminan sa yo".

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, "Nou bat bravo pou kòlèg nou yo nan Depatman Sante a paske yo avanse pwopozisyon konpreyansif sa a pou amelyore règleman pou nouvo kontaminan nan dlo pou bwè a. Pwoteksyon dlo pwòp esansyèl pou sante kominote nou yo, anviwònman ak ekonomi, epi lidèchip ak finansman ke Gouvènè Cuomo bay jodi a ap mennen peyi a pou pi devan sou modènizasyon enfrastrikti dlo enpòtan. DEC ap kontinye travay atravè eta a pou asire ke tout moun New York gen aksè a dlo potab pwòp, epi pouswiv lajistis moun ki responsab pou nenpòt ki kontaminasyon".

Sabrina M. Ty ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Environmental Facilities Corporation te deklare, "Gouvènè Cuomo etabli yon dosye lidèchip anviwònmanal konsènan nouvo kontaminan yo, epi sibvansyon ke yo anonse jodi a pral ede kominote yo atravè Long Island pwoteje apwovizyonman dlo potab yo. Dlo potab pwòp santral pou pwosperite kominote nou yo epi EFC rete prè pou l asime wòl li pandan n ap chache kreye yon New York ki pi an sante pou tout moun".

Senatè Gustavo Rivera, Prezidan Komite Sante Sena a (Senate Health Committee), te deklare, "Li ankourajan ke Depatman Sante Eta New York la ap aksepte rekòmandasyon MCL Konsèy sou Kalite Dlo Potab Eta New York la pou byen regile twa (3) nouvo kontaminan nan dlo potab Eta nou an. Aplikasyon rekòmandasyon sa yo pral ede pwoteje rezèv dlo potab nou an epi pwoteje sante moun New York yo atravè eta kont ekspozisyon danjere a PFOS, PFOA ak 1,4-dyoksàn".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Moun Long Island yo te konsène avèk rezon ke nouvo kontaminan yo ap afekte kalite dlo rezèv yo. Mete limit strik se premye etap enpòtan nan direksyon pou abòde defi sa a, epi alokasyon dola ki nesèsè yo -- ki gen ladan pati finansman ki te anonse isit la -- dwe yon priyorite ki konsistan nan gouvènman eta nou an alavni. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te konsantre anpil sou kesyon enpòtan sa a pou tout Long Island".

Manm Asanble a Richard Gottfried, ki se Prezidan Komite Sante Asanble a (Assembly Health Committee), te deklare, "New York gen yon responsablite pou li se yon lidè anviwònmanal nasyonal, ak nivo kontaminan ki pi pwotektif nan peyi a. Nou dwe gen angajman ki pi fò a kalite dlo pou mete sou pye tès ak asenisman nesèsè pou satisfè nòm sa yo nan kominote atravè eta a, ki gen ladan siveyans nouvo syans yo sou pwodwi chimik danjere sa yo".

Manm Asanble a Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Asanble a (Assembly Environmental Conservation Committee) te deklare, "Byenke sibstans danjere pa ta dwe polye dlo potab nou an, nouvo limit sou kontaminasyon pou twa (3) pwodwi chimik sa yo se yon premye etap enpòtan pou pwoteje sante moun. Mwen remèsye Konsèy sou Kalite Dlo Potab la pou dilijans yo nan sijere nouvo limit sa yo epi bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li dirije Depatman Sante a pou fòmèlman adopte rekòmandasyon Konsèy la".

Asistans teknik

Gouvènè Cuomo te bay Ekip Repons Rapid sou Kalite Dlo Eta New York la (New York State Water Quality Rapid Response Team) lòd pou yo ofri asistans teknik imedyà bay kominote ki entèrese evalue bezwen sistèm yo ak aplike pou finansman sibvansyon. Anplis de sa, DOH pral ofri asistans teknik ki baze sou sipèvizyon reyisi sistèm filtrasyon kabòn ak sistèm tretman AOP yo nan lòt pati nan eta a. Finansman an pral gen ladan konsiltasyon nan enjeniri, etablisman pwotokòl kontwòl ak operasyonèl, ak direktiv pou sibvansyon ak opsyon prè finansman potansyèl yo. Gouvènè Cuomo te tabli Ekip Repons Rapid pou Kalite Dlo Eta New York la an 2016, epi y ap kontinye aplike yon pwotokòl agresif pou redwi ekspozisyon a nouvo kontaminan nan dlo potab yo.

Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Kalite Dlo Potab nan New York, tanpri vizite: <https://www.health.ny.gov/environmental/water/drinking/dwqc/>.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Pwoteksyon Dlo (Drinking Water Protection Program) nan New York, tanpri vizite : <https://www.health.ny.gov/environmental/water/drinking/>.

Pou enfòmasyon sou opòtinite finansman pou sibvansyon pou sistèm dlo, tanpri gade: <https://www.health.ny.gov/environmental/water/drinking/financing.htm>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)